दिन–गुरूवार                                                   दिनांक–02.07.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ                                    अवधिः–05 मिनट

---

निर्वाचन आयोग पटनाक बांकीपुर विधानसभा सीट पर उपचुनावक तारीखक घोषणा कऽ देलक अछि। एहि सीट लेल 30 जुलाई कँ वोट खसाओल जायत। चुनावक अधिसूचना 6 जुलाई कँ जारी होयत आ ओही दिन सँ नामांकन पत्र भरबाक काज सेहो शुरू भऽ जायत। उम्मीदवार 13 जुलाई धरि नामांकन कऽ सकैत छथि। 14 जुलाई कँ नामांकन पत्रक जाँच होयत आ नाम आपस लेबाक अंतिम तिथि 16 जुलाई तय कएल गेल अछि। वोटक गिनती 3 अगस्त कँ होयत। ध्यातव्य अछि जे भाजपा अध्यक्ष नितिन नवीनक इस्तीफाक कारणे ई सीट खाली भेल छल, जाहि कारणे ई उपचुनाव भऽ रहल अछि।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे राज्यक सभ प्रमंडल मे निगरानीक विशेष अदालत बनाओल जायत। एहिक संग सभ जिला मे निगरानी थाना आ सभ अनुमंडल मे निगरानी ओ.पी. खोलल जायत। मुख्यमंत्री कहलनि जे सरकार पारदर्शी शासन लेल ट्रिपल–टी यानी टेक्नोलॉजी, ट्रांसपेरेंसी आ ट्रस्ट के सिद्धांत पर काज कऽ रहल अछि। ओ लोक सभ सँ भ्रष्टाचार मुक्त बिहार बनयबा मे आगु बढ़ि कऽ हिस्सा लेबाक अपील कएलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री बिहार सतर्कता जागरूकता सप्ताहक शुरुआत सेहो कएलनि। हमर संवाददाता जनौलनि जे बिहार सतर्कता जागरूकता दिवस पर राज्य सरकारक सभ कार्यालय मे कर्मचारी सभ सँ सतर्कताक शपथ दियाओल गेल।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ पटना मेट्रो रेल परियोजनाक प्राथमिक कॉरिडोरक अंतर्गत मलाही पकड़ी धरि मेट्रो सेवाक विस्तार कँ हरियर झंडा देखौलनि। संगे ओ खेमनीचक आ मलाही पकड़ी मेट्रो स्टेशनक उद्घाटन सेहो कएलनि। आब पटना मे मेट्रो रेल सेवाक विस्तार आईएसबीटी सँ मलाही पकड़ी धरि भऽ गेल अछि। एहि रूटक लम्बाई 6.2 किलोमीटर अछि आओर ई दूरी मात्र 15 मिनट मे तय भऽ जायत। आईएसबीटी सँ मलाही पकड़ी धरिका भाड़ा 30 रुपया तय कएल गेल अछि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी, बिजेंद्र

प्रसाद यादव, नगर विकास मंत्री नीतीश मिश्रा सहित कतेको गणमान्य व्यक्ति मेट्रो मे यात्रा कएलनि।

———————————————————————

राज्य मे आबय वाला चौदह अगस्त धरि एक करोड़ लोकक टीबी स्क्रीनिंग करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। मुख्य सचिव प्रत्यय अमृत मिशन मोड मे अभियान चला कऽ एहि लक्ष्य कैं पूरा करबाक निर्देश देलनि अछि। टीबी–मुक्त भारत अभियानक समीक्षा बैसक मे बताओल गेल जे राज्यक दू करोड़ छिहत्तर लाख लक्ष्यित आबादी मे सँ एखन धरि उनचालीस लाख लोकक जाँच भऽ गेल अछि, जे कुल लक्ष्यक मात्र चौदह प्रतिशत अछि।

———————————————————————

बेंगलुरु दक्षिण तालुक मे एकटा नम्हर चट्टान खसबा सँ सातटा प्रवासी मजदूरक मृत्यु भऽ गेल अछि। स्थानीय प्रशासनक अनुसार, दिवंगत लोक सभ मे बिहारक रहय बला मजदूर सेहो शामिल छथि।

———————————————————————

महिला आ बाल विकास मंत्रालय प्रधानमंत्री राष्ट्रीय बाल पुरस्कार लेल नामांकन माँगलक अछि। ई पुरस्कार 5 सँ 18 सालक बालक–बालिकाक असाधारण उपलब्धिक लेल देल जाइत अछि। नामांकन पत्र जमा करबाक अंतिम तिथि 31 जुलाई अछि। मंत्रालय जनौलक जे एकरा लेल नामांकन अवाड्र्स डॉट जीओवी डॉट आईएन पोर्टल पर कएल जा सकैत अछि। प्रधानमंत्री राष्ट्रीय बाल पुरस्कार खेल–कूद, समाज सेवा, विज्ञान आ प्रौद्योगिकी, पर्यावरण, कला आओर संस्कृतिक क्षेत्र मे सभ सँ नीक काज करय बला बालक–बालिका कैं देल जाइत अछि। एकर अतिरिक्त, ई पुरस्कार कतौ कठिन परिस्थिति मे असाधारण साहस आ बहादुरी देखबय बला बच्चा सभ कैं सेहो देल जाइत अछि।

———————————————————————

सकरी आ रैयान चीनी मीलक सहकारी समितिक सदस्य बनबाक लेल आवेदन शुरू भऽ गेल अछि। इच्छुक गन्ना किसान तीस जुलाई दू हजार छब्बीस धरि ऑनलाईन आ ऑफलाईन माध्यम सँ आवेदन कऽ सकैत छथि।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक ऐतिहासिक सौराठ सभागाछी मे पारंपरिक सौराठ सभाक आइ शुरुआत भेल। विधान पार्षद डॉक्टर मदन मोहन झा सभाक विधिवत शुभारंभ कएलनि। मिथिलाक एहि प्राचीन वैवाहिक परंपरा मे बिहार सहित देशक कतेको भाग सँ मैथिल ब्राह्मण परिवार विवाह योग्य वर आ वधुक संबंध तय करबाक लेल अबैत छथि। सभा मे पारंपरिक पंजी व्यवस्थाक अनुरूप वंशावली आ गोत्रक मिलान कऽ विवाह प्रस्ताव पर विचार कएल जाइत अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे मॉनसून सक्रिय भेला सँ राज्यक कतेको जिला मे मुसलाधार बरखा भेल अछि। मौसम विभागक पूर्वानुमान अछि जे काल्हि राज्यक बेसी भाग मे बरखा होबाक संभावना अछि।

———————————————————————————

समाप्त